

Tata Pangibadah Brayat
GKJ Rewulu
Minggu, 6 September 2020

PATUNGGILAN KATRESNAN PINANGKA WOHING
PANGIBADAH

- Pasamuwan jumeneng -

P2 : Para sedherek ingkang kinasih,
Pangibadah utawi ingkang asring kita sebat “kebaktian” sejatosipun mboten namung awujud rerangkening pepujian, pandonga saha pamaosing kitab suci kemawon. Ananging satunggaling pepanggihan ing antawisipun umat kaliyan Gusti Allah. Satunggaling pepanggihan ingkang kedhahipun ngasilaken wohing pangertosan saha krenteg kangge mbangun gesang sesarengan atetales katresnan. Lumantar jejereng pangibadah Minggu punika “Patunggilan Katresnan Pinangka Wohing Pangibadah” pasamuwan dipun timbali supados ngraosaken pakaryan kawilujengan saha katresnanipun Gusti ingkang dados talesing pangibadah.
Sumangga kita nyamektakaken ndhiri lumebet ing pangibadah brayat. Wekdal ening kagem kita.

- Wekdal ening -

VOTUM LAN SALAM

PS : Pangibadah brayat punika lumampah ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.
Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama, sarta saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sadaya.

- Pasamuwan lenggah -

KIDUNG PAMUJI

KPJ 69 : 1 – 2 “ALLAH MAHAKWASA JUMENENG PAMARTA”

1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta,
sestu gung tresnanya, angruwat dosa.
Salir tyang pracaya lamun tansah setya
luwar sing antaka, mlebet mring swarga
Refr :

Sung sembah puja konjuk Sang Rama,
kang paring nugraha tentrem raharja.
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,
kang sampun nyawisi kamulyan swargi

2) Rama Mahamirah ngrentahken gung berkah,
tyang nandhang sangsara manggih waluya.
Saliring pra umat tan kendhat rinimat,
srana peparingnya, nadyan prasaja. Refr. : ...

PANGAKENING DOSA

PS : Ibrani 10: 24 – 25 “Ayo kita padha nggatèkaké kebutuhané wong siji lan sijiné, sarta padha tulung-tinulung, yakuwi tandhané katresnan lan kabecikan. Aja padha ninggal pakulinan kita ngumpul bebarengan ing kumpulan ibadah, kaya sing ditindakaké déning sedulur-sedulur sawetara. Malah ayo padha éling-ingélingaké awit kita padha weruh yèn Dinané Gusti, iya dina rawuhé sing kapindho wis cedhak.”

Pasamuwan ingkang kinasih, srana migatosaken pangandikanipun Gusti punika, cetha sanget anggen kita boten saged nindakaken sabda Gusti punika kanthi sampurna. Mila sumangga kanthi andhap asor, kita ngakeni lan nelangsani dosa kita ing salebeting pandonga pangaken sacara pribadi. *(PS mungkasi kanthi pandonga)*

KPJ 117 “KALA KULA DHAWAH”

Kala kula dhawah lan tanpa daya,
nyawa kula kapetek, kasiksa.
Kula tansah nyuwun tulung mring Gusti,
karsa rawuh mrih mitulungi

Refr :

Kula tansah kaangkat maring arga,
kula kwawi anempuh prahara;
Wah kiyat, wit sinanggi swiwinya,
anglangkungi budidaya kula.

PISUNGSUNG

P2 : Sumangga sami ngaturaken panuwun dhumateng Gusti, awit sadaya berkahipun ingkang sampun kita tampeni ing sauruting gesang punika. Pangandikanipun Gusti ingkang dados tetales anggen kita ngaturaken pisungsung dipunpendhet saking Rum 12 : 1.
Anggèn kita ngaturakén pisungsung kita kanthèni ngidungaken KPJ 181 :1 – 2

KPJ 181 :1 – 2 ” PUJI SYUKUR KONJUK GUSTI”

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur paringing pakaryan, nadyan badamba ringkih;
sokur dene kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, dene sesekaran, sedhep, endah ing warni;
sokur mega ngantariksa, miwah surya ndadari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

Pandongan Pisungsung lan Pandonga Paladosan Sabda

PALADOSAN SABDA (PS)

Pamaosing Kitab Suci

PS : (*maosaken* Mateus 18 : 15 – 20)

Makaten Pangandikanipun Gusti,

Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken tuwin ngèstokaken pangandikanipun Gusti Allah. Haleluya!

U : (Ngidungaken) Haleluya (12x)

Khotbah

Patunggilan Katresnan Pinangka Wohing Pangibadah

Minggu punika kita sampun lumebet ing wulan September. Déning *sinode GKJ*, wulan September katetepaken minangka Wulan Katekésé Liturgi, kita sesarengan kabereg ngraosaken lan nggatosaken pangibadah ingkang kita tindakaken. Lumantar jejering pangibadah Minggu punika “Patunggilan Katresnan Pinangka Wohing Pangibadah” kita dipuntimbali ngraosaken pakaryan kawilujengan saha katresnanipun Gusti ingkang dados talesing pangibadah.

Pangibadah utawi “kebaktian” sejatosipun mboten namung awujud rerangkening pepujian, pandonga, saha pamedharing sabda, ananging nggadhahi pangertosan langkung lebet malih, inggih punika satunggaling pepanggihan ing antawisipun umat kaliyan Gusti Allah. Tegesipun pangibadah mboten winates pangibadah Minggu kemawon, ananging ugi wujuding bekti ing saben dintenipun. Pepanggihan ingkang kedhahipun ngasilaken wohing pangertosan saha krenteg mbangun gesang sesarengan atetales katresnan minangka gegelitaning sariranipun Sang Kristus. Pasamuwan kabereg nelakaken dhiri dados patunggilan adhedhasar katresnan ingkang dipunwujudaken ing tumindak sami dene perduli, njagi, lan nggatosaken.

Peranganing pasamuwan sanes tiyang-tiyang ingkang gesangipun sampun sampurna, ananging tiyang-tiyang ingkang dipunleresaken lan tansah ngupaya dados tiyang ingkang langkung sae ing Sang Kristus. Mila, kadang kala kita mrangguli ing antawisipun pasamuwan wonten ingkang nglirowakaken pranata, beda pamanggih, wonten pasulayan, lan wonten ingkang nindakaken kalepatan. Minangka patunggilan ingkang adhedhasar

katresnan, kedahipun kita purun lan wantun ngemutaken, kados pangandikanipun Gusti ing waosan kita dinten punika. **“Manawa sadulurmu duwe kaluputan, elingna”** (Ay. 15). Ananging menawi kita gatosaken, *mboten kathah tiyang ingkang purun lan wantun ngemutaken nalika wonten tiyang ingkang nindakaken kalepatan. Kepara wekdal punika malah langkung kathah tiyang ingkang mboten ngemutaken ananging malah nggosip-aken.*

Lumantar Mateus 18: 15-20 Gusti Yesus ngemutaken supados kita saged mbangun patunggilan ingkang adhedhasar katresnan. *Mila menawi wonten sedherek ingkang nindakaken kalepatan kedah dipunemutaken kanthi wicaksana minangka wujud katresnan kita tumrap sedherek kita punika.* Miturut pangandikanipun Gusti, wonten tahapan anggen kita ngemutaken supados perkawis punika saged dipunrampungaken kanthi sae lan wicaksana. Kawiwitan kanthi pirembagan sacara empat mata. Menawi mboten kasil, lajeng ngaturi satunggal utawi kalih tiyang kangge seksi ngrembag perkawis punika. Menawi cara punika dereng kasil, perkawis punika kedah dipunbekta dhateng pasamuwan.

Lajeng kados pundi menawi wonten ing pasamuwan ugi mboten kasil? *“Ewadene yen ora gelem manut, aturna marang pasamuwan. Lan yen meksa ora manut karo pasamuwan, anggepen wong kapir utawa juru-mupu-beya.”* (Ay. 17). Punika mboten ateges lajeng dipunsingkiri kados tiyang kapir lan juru mupu beya ingkang dipunsingkiri kaliyan tiyang kathah. Menawi kita gatosaken, wonten ing gesangipun Gusti Yesus, Gusti Yesus nggatosaken, nampeni, kersa dhahar sesarengan kaliyan tiyang-tiyang ingkang dipunsingkiri punika (Mateus, Zakheus, pawestri Samaria). Punika nelakaken bilih menawi tiyang ingkang sampun dipunemutaken ananging mboten nggugu kita tetep nggadhahi tanggel jawab nggatosaken mboten malah dipungosipaken lan dipunsingkiri. Punika wujud patunggilan ing katresnan minangka wohing pangibadah.

Lumantar pangandikanipun Gusti punika, kita dipunemutaken **mboten namung purun lan wantun ngemutaken sedherek kita ingkang**

nindakaken kalepatan kanthi wicaksana, ananging ugi purun lan nglenggana menawi dipunemutaken kaliyan sedherek sanesipun, mboten malah duka lan mutung. Salah satunggal tindakan sederhana ananging wigati ingkang saged kita tindakaken wekdal punika inggih punika *sami dene ngemutaken bab ngagem masker*. Mboten namung wantun ngemutaken, ananging ugi purun lan nggugu menawi dipunemutaken, mboten malah duka lan mutung, ngrumaosi bilih piyambakipun sehat. Ananging kita sejatosipun kita mboten mangertos, awit sakpunika kathah OTG ingkang katingal sehat-sehat kemawon ananing mbekta virus. *Sami dene ngemutaken ngagem masker, punika dados salah satunggaling wujud nyata kita anggenipun sami peduli lan njagi gesang kita sedaya.*

Pangibadah mboten namung winates ing dinten Minggu. Pangibadah kita dhumateng Gusti kedah kita wujudaken ing gesang padintenan, saben dinten. Pramila sumangga kita wujudaken pangibadah kita dhumateng Gusti kanthi mujudaken pasamuwan ingkang sami dene preduli, purun-wantun ngemutaken, lan purun dipunemutaken.

Amin.

Wekdal Ening

PANDONGA SYAFAAT (PS)

- Kasagedna purun lan wantun ngemutaken, lan ugi purun dipunemutaken minangka pangibadah nyata ing patunggilan katresnan.
- Kaparingan kakiyatan, panglipur, kacekapan, lan kasarasan.
- Kasagedna nindakaken tatanan gesang enggal (adaptasi kehidupan baru).
- Donga Rama Kawula.

- Pasamuwan Jumeneng -

PANGAKEN PITADOS (P2)

P : Pasamuwan ingkang kinasih ing Sang Kristus, sumangga sesarengan kaliyan pasamuwanipun Allah ing sadhéngah papan

lan wekdal, kita ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, ingkang mekaten ...

PANGUTUSAN (PS)

KPJ 357: 1 “ENDAHING SADULURAN”

- 1) Endahing saduluran manut rehing Pangeran,
samidene ngajeni wah mbiyantoni.
Nadyan beda agama wah beda golonganannya,
tunggal rasa, pambekan, prikamanungsan.
Refr. :
Kluwung pindhanya, endahing warna,
nyawiji mbangun urip kang adya, tentrem raharja.

BERKAH

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
Dadosa seksinipun Sang Kristus.
Lan tampènana berkahipun Gusti,
“ Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan
(kula sedaya) lan ngayomi panjenengan (kula sedaya).
Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipn dhateng
panjenengan (kula sedaya) lan maringi sih rahmat.
Pangeran Yehuwah karsa nungkulaken cahyaning wedananipun
dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi tentrem rahayu.
Amin.

PANUTUP

KPJ 357: 2 “ENDAHING SADULURAN”

- 2) Rukun ing pitepangan, sumanak ing rembagan;
dhemen sung pangapura, nyirik piala;
ninging samya silih-ngalah, mbabarken tresna tansah,
nulad ing sihe Allah mring sagung titah. Refr. : ...

*** Gusti Mberkahi ***